mentlarini oʻz ichiga oladi, ularning kombinatsiyasi sifat jihatidan yangi bilimlarning tugʻilishiga yordam beradi, obyektlarni oʻzaro boyitadi, uchlik didaktik maqsadni samarali amalga oshirishga yordam beradi [7:172].

**Xulosa.** Ushbu maqolada olingan natijalar asosida umumta'lim maktablarida kimyo fanini ingliz tili bilan integratsiyalashgan holda oʻqitish shakllari va vositalariga bagʻishlangan ushbu paragrafda oʻqitishning an'anaviy, zamonaviy usullari oʻzaro tahlil qilingan. Bu jarayonda ikkita fanni oʻqitish jarayonida integratsiyaviy oʻqitish shakllari va vositalarining afzalliklari yetarli darajada asoslab berilgan.

**Adabiyotlar**

1. Bekproʻlatov H.O. Ajieva M.B. Kimyo fanini ingliz tili bilan integratsiya qilish sharoitlarida oʻrganish uchun oʻquvchilarning psixologik xususiyatlaridan foydalanish.// NamDU Ilmiy axborotnomasi. –Namangan: 2022. №11.
2. Iskandarov A.Yu. Kimyodan masalalar yechish metodikasi. Darslik. – Toshkent: 2019.
3. Зорников Н.И., Волкова П.Л. Проблемы и перспективы международной интеграции высего образования. – Вороник: 2009.
4. Темиров Н.О. Умумий кимё фанидан фанлараро интеграциясидан фойдаланиб ўтказилган педагогик эксперимент натижалари. // International multidisciplinary scientific conference on the engineering & technology. –Egypt: 2021. –P. 220-223.
5. Миренкова Е.В. Концепция методического обеспечения формирования познавательных умений учащихся при обучении химии в современной школе: дис. док. пед. наук. - Санкт-Петербург: 2018.
6. Усова А.В. Межпредметные связи в преподавании основ наук в школе: Методические рекомендации. –Челябинск: ЧПТУ "Факел", 2006.
7. Шодманова Ш.Қ. Академик лицей ва умумтаълим мактабларида кимё фанини касбга йуналтириб ва табиий фанлар интеграцияси асосида адаптив ўқитиш методикасини такомиллаштириш. Ўқув қўлланма. 2020.

**REZYUME.** Hozirgi globallashuv davrida fanlararo ta'lim munosabati zamonaviy ta'lim tizimining ajralmas qismi boʻlib, oʻquvchilarning bir vaqtning oʻzida bir nechta fan boʻyicha bilimlarini rivojlantirishga xizmat qiladi. Quyidagi maqolada kimyo va ingliz tili fanlarini integratsiyada oʻqitish istiqbollari yoritilgan. Integratsiyalashgan darslar jarayonida kimyo fani va ingliz tilini bogʻlash boʻyicha eng samarali ish turlari koʻrib chiqildi. Kimyo va ingliz tili oʻrtasidagi integratsiya xalqaro ta'lim tizimlarida keng qoʻllanilayotgan usullardan biri boʻlib, oʻquvchilarga nafaqat kimyo fanini chuqur oʻzlashtirish, balki ingliz tilidagi texnik va ilmiy adabiyotlarni tushunish imkonini beradi.

**РЕЗЮМЕ.** В современную эпоху глобализации межпредметные образовательные отношения являются неотъемлемой частью современной системы образования и служат развитию знаний учащихся одновременно по нескольким предметам. В статье освещены перспективы интегрированного обучения химии и английскому языку. В процессе интегрированных занятий были рассмотрены наиболее эффективные виды работы по соединению химии и английского языка. Интеграция химии и английского языка является одним из широко используемых методов в международных системах образования, позволяя учащимся не только глубоко овладеть химией, но и понять техническую и научную литературу на английском языке.

**SUMMARY.** In the modern era of globalization, interdisciplinary educational relationships are an integral part of the modern education system and serve to develop students' knowledge in several subjects simultaneously. The following article explores the prospects for teaching chemistry and English in integration. In the process of integrated classes, the most effective types of work on combining chemistry and English were considered. The integration between chemistry and English is one of the methods widely used in international education systems, allowing students not only to master chemistry in depth, but also to understand technical and scientific literature in English.

## TÁRBIYA SABAǴÍNDA OQÍWSHÍLARDÍŃ KREATIV PIKIRLEWIN RAWAJLANDÍRÍW

**N.Allashova** – *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch soʻzlar**: kreativlik, kompetensiya, tarbiya darsligi, pedagogik texnologiya, strategiya, metod.
**Ключевые слова:** креативность, компетентность, образование, педагогическая технология, стратегия, метод.
**Key words**: creativity, competence, educational textbook, pedagogical technology, strategy, method.

Mámleketimizde bilimlendiriw tarawında alıp barılıp atırǵan reformalarda ulıwma bilim beriw mektepleri sheshiwshi kúshke aylanǵanı áyne haqıyqat bolıp tabıladı. Usı orında húrmetli

prezidentimiz mektep haqqında tómendegishe aytıp ótedi:

Mektep insan ómiriniń eń áhmiyetli buwınlarınan biri sanaladı. Siziń qanday insan bolıp qáliplesiwińiz kóbinshe sol dárgáydan alatuǵın bilim hám tárbiyaǵa baylanıslı. Shańaraqta ata-ana, mektepte oqıtıwshılarıńız sizdi tuwrı jolǵa jeteleydi. Ustazlardı húrmetlew, ardaqlaw, olardıń sizge berip atırǵan mehir hám itibarın qádirlew zárúr. Siz – keleshek qurıwshılarısız. Arańızdan Watanımızǵa dańq keltiretuǵın, Ózbekstan atın jáne de kóklerge kóteretuǵın ilimpazlar hám jazıwshılar, injener hám baǵdarlamashılar, mámleketlik ǵayratkerler hám ekonomistler, dúnya tán alǵan qolı gúl ónerment hám de arxitektorlar shıǵadı. Men sizlerge isenemen! Mámleket basshısı sıpatında meniń sizlerden úmitim úlken! dep prezidentimiz Sh.Mirziyoyev jas áwladqa úlken isenim bildiredi [1].

Sol sebepli házirgi kúnde mekteplerde keleshek áwlad miyrasxorların tárbiyalawǵa baǵdarlanǵan múmkinshilikler óz gezeginde, pedagog xızmetkerlerden sapalı tálim-tárbiya beriwdi, oqıwshılardan bolsa puqta bilim alıwdı talap etedi. Bul óz gezeginde hár bir oqıtıwshınıń tiykarǵı minneti jáne de joqarı juwapkershilik hám wazıypalardı júkleydi. Baslawısh tálim tálim-tárbiyanıń tiykarǵı buwını bolıp tabıladı. Álbette, hazirgi Jańa Ózbekstanda zamanǵa say jas áwlattı tárbiyalawda hár bir sabaqqa oqıtıwshı kreativ túrde qatnas jasawı kerek bolıp esaplanadı. Usı orında baslawısh klasta oqıwshılardıń kreativ kompetentligin rawajlandırıwda "Tárbiya" sabaqlıǵınıń da ornı girewli bolıp sanaladı. Sebebi hár bir Tarbiya sabaqlıǵınıń mazmunı balanı turmısqa tayarlaw yaǵnıy balanıń aldına úlken maqsetler qoyıw hámde sol maqsetlerge erise alıwǵa baǵdarlaydı. Sol arqalı balada hár bir narseni úyreniwge qızıǵıwshılıq oyanadı, jáne olarda kreativlik rawajlanıp baradı. Házirgi kúnde sabaqlıqlardıń mazmunı tıykarınan balalardıń kreativ kompetentligin rawajlandırıwǵa arnalǵan.

Dáslep kreativlik hám kompetentlik atamasına toqtalsaq. Kreativlik (latınsha "create" – jaratıw, "creative" jaratıwshı, izleniwshi) – yaǵnıy jańa idealardı oylap tabıwshı mánisin sáwlelendiredi. Kreativ kompetentlik – shaxsta erkin pikirlew qábiletiniń hár bir sabaqta ayqınlanıwında eń tiykarǵı hám belsendi forması esaplanadı. Sol qatarda házirgi kúnde Tárbiya sabaqlıǵınıńda mazmunı tikkeley balalarda kreativ kompetentlikti rawajlandırıwǵa qaratılǵan.

Baslawısh klaslarda Tárbiya sabaqlıǵınıń Oqıw dástúrine muwapıq oqıwshılardıń oqıw iskerliginiń nátiyjeligine qoyılatuǵın minimal talaplar bar bolıp olar tómendegiler:

-juwapkershilikti ańlaydı;

-birge islese aladı;

-ármanların anıqlay aladı;

-qoyılǵan ádep-ikramlıq normalarına ámel qıladı.

Usı qoyılǵan talaplardan kelip shıǵıp balanıń kreativligin rawajandırıw áhmiyetli waziypalardan esaplanadı. Tiykarınan Tárbiya sabaqlıǵınıń ózi balalarǵa turmıstı úyretiw, keleshektegi óz ornına iye bolıwǵa hám óz aldına qoyılǵan maqsetlerge erisiwge tárbiyalaydı.

Baslawısh klass oqıwshıları ushın Tárbiya sabaqların túrli formada shólkemlestiriw múmkin:

1. Oyın, sáwbet, ushrasıw, shańaraqta jámát orınlarında, máhállerde hár túrli tárbiyalıq kesheler shólkemlestiriw. Hár bir sabaqtıń maqsetiniń anıqlıǵı, tariyxiylıǵı hám zamanagóyligi menen ádep-ikramlıq túsiniklerine tárbiyalawǵa qaratılǵan.

2. Oqıw shınıǵıwların audio, video, janlı sáwbet formasında hám kórgizbeli formada shólkemlestiriw.

3. Oqıtıwshınıń jańa texnologik sheberlikke iye bolıwı hám dóretiwshiligi.

Joqarıdaǵı Tárbiya sabaǵınıń shólkemlestiriw formasına qaray otırıp Patti Drapeaudıń óz shıǵarmasında oqıwshılardıń kreativligin rawajlandırıwda dáslep bolajaq pedagoglarda interaktiv hámde kreativ pikirlew kónlikpelerin rawajlandırıwda nátiyjeli bolǵan jol hám metodlardı keltirip ótedi:

- Veb-saytlar menen islesiw;
- vizuallastırıw;
- barlıq kózqaraslardı inabatqa alıw;
- áhmiyetli ideyalardı túrli jaǵdaylarda hám orınlı qollaw (ideyanı basqa sharayatqa kóshiriw – transformatsiya);
- "Aqılıy hújúm";
- "Keys-stady" sıyaqlı metodlar.
- "Klaster"
- "Qarama-qarsı" sıyaqlı metodlar.

Usı keltirilgen metodlarǵa tıykarlanıp Tárbiya sabaqlıǵınıń mazmunın tómendegishe kórsetip ótsek boladı:[3]

Birinshi klastıń Tárbiya sabaqlıǵı 2023-jıl baspadan shıqqan bolıp 30 tema hám 64 betten ibarat. Sabaqlıqtıń 1-temasındaǵı Men jasaytuǵın Ózbekstan temasına tiykarlanıp oqıwshılardıń kreativligin rawajlandırıw ushın dóretiwshilik tapsırma berilgen. Dóretiwshilik tapsırma: Kósheńiz hám úyińizdiń súwretin sızıń. Bul shınıǵıwda balalar súwret salıw ushın dóretiwshilik penen qatnasjasaydı. Usı sıyaqlı tapsırmalar arqalı balalardıń kreativligi rawajlana baslaydı. Onnan basqa da 2-sabaqta berilgen «Men kimmen» temasın túsindirip bolǵansoń «Aqılıy hújim» metodınan paydalansaq boladı.

**"Aqılıy hújim" metodı**

Bul usılda oqıwshılar individual túrde juwap beredi. Soralǵan sorawǵa hár qanday juwabı qabıl etiledi. Bunda berilgen juwapqa baha beriw shárt emes, hár bir oqıwshınıń pikirin qaǵazǵa jazıp alıwı kerek. Juwaplar ushın hesh qanday tiykar yamasa túsindiriw talap etilmeydi.

Sorawlar dizimi:

1. Ne ushın adamlar ózlerin tanıstırıwı kerek?
2. Akmal hám Madina haqqında nelerdi bilip aldıńız?
3. Sizge qanday dógerek unaydı?

Bul metod arqalı balalar ózleri haqqında maǵlıwmat hámde ózleriniń qızıǵıwshılıqları haqqında aytıp beredi. Bunnan basqada sabaqlıqtıń 29-bettegi 5-6-sabaqlarda Insanlardıń páziyletleri haqqında tema berilgen hám sońında temaǵa baylanıslı aralas sózler berilgen. Bundaǵı sózler insanlardıń páziyletleri haqqında keltirilgen. Bul tapsırmanıń balalarǵa jáne de túsinikli hám qızıqlı bolıwı ushın “Qarama-qarsı múnasibet” strategiyasına salıp úyretsek boladı. Mısalı, bul metodta kesteniń bir tárepine adamlardıń unamlı páziyletlerin ańlatatuǵın sóz oqıtıwshı tárepinen jazıladı, tap usınday etip oqıtıwshı tárepinen ekinshi tárepine de adamlardıń unamsız paziyletleri jazıladı hám onı oqıtıwshı oqıwshılar menen birge dodalaydı, bul arqalı oqıwshılar bir-biri menen erkin pikir almasadı hám de Insanlardıń jaqsı hám jaman paziyletleri tiykarındaǵı temaǵa keńnen túsinikke iye boladı. Bul metodtıń úlgisi tómendegishe:

«Qarama-qarsı múnásibet» strategiyası

| Unamlı pazıyletler | Unamsız pazıyletler |
|---|---|
| Aqıllı | Aqılsız |
| Miyrimli | Ashıwshaq |
| Insaplı | Biymehir |
| | |
| | |

Bunnan basqa, 41-bettegi 9-sabaqta oqıwshılarǵa berilgen jazba tapsırma da balalardıń kreativ kompetentligin rawajlandırıwǵa arnalǵan. Jánede mektep sózi menen baylanıslı súwretler tiykarında “klaster dúziw” tapsırma etip berilgen. Bul metod arqalı balalar tek bir mekteptiń ózine ǵana itibar qaratıp qoymaydı, bálkim ondaǵı hár bir zattı, kórinislerdi usı súwretler arqalı úyrenedi. Balalar mektep buyımların hám mekteptegi oqıwshılardıń tártibine baylanıslı súwretler sızadı hám ózin-ózi rawajlandıradı.

**“Klaster” metodı**




*1-súwret*

Juwmaqlap aytqanda joqarıda keltirilgen metodlar arqalı oqıwshılardıń Tárbiya sabaqlıǵına bolǵan qızıǵıwshılıǵı artadı hám hár tárerda oylawı, erkin pikirlewi jáne kreativligi joqarı dárejede rawajlanadı.

Sonlıqtanda baslawısh klass oqıwshılarınıń kreativ kompetentligin rawajlandırıwda mekteplerdegi Tárbiya sabaqlıǵınıń mazmunı júda úlken áhmiyetke iye ekenligin joqarıdaǵı temalar hám ondaǵı temalarǵa baylanıslı metodlarda kórip óttik. Sebebi ondaǵı temalardıń ózi balalardı turmısqa tayarlaw hám jeke ózi aldına úlken maqsetler qoyıw, jańa-jańa idealardı proektlerdi jaratıwǵa baǵdarlaydı. Sonlıqtanda Tárbiya sabaqlıǵınıń tematikası tikkeley turmıstan alınıp, balalarǵa tuwrı jol úyretiwge baǵdarlanǵan desek asıra aytqan bolmaymız [4].

## Ádebiyatlar


1. Mirziyoyev SH.M. Buyuk kelajagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan birga quramiz. -T.: “Oʻzbekiston”, 2017, 488-b.
2. Ergashevna K.B. Kreativ pedagogika. Oʻquv qoʻllanma. –Toshkent: “Innovatsiya-Ziyo". 2022.
3. Drapeau Patti. Sparking student creativity (practical ways to promote innovative thinking and problem soving). - Alexandria – Virginia: USA: ASCD, 2014.
4. Usmanova O.V., Risyukova Y.V. “Tarbiya” novda. – Toshkent: 2023.


**REZYUME.** Mazkur maqola boshlangʻich sinf Ta’rbiya darslarida oʻquvchilarning kreativligini interfoal metodlar orqali rivojlantirish masalalariga bagʻishlangan.

**РЕЗЮМЕ.** Данная статья посвящена вопросам развития творческих способностей учащихся интерактивными методами на уроках начального образования.

**SUMMARY.** This article is devoted to the issues of developing students’ creativity through interactive methods in elementary grades.